# VAKSEN COVID-19 JOHNSON & JOHNSON

# JWENN ENFÒMASYON YO.

## Sa ki te rive

Apati de avril 2021, gen plis ke 15 moun, sitou fi ki gen laj ant 18 ak 48, te devlopé yon boul san kèk semen apre yo fin pran vaksen J&J an.

## Boul san vrèman ra

Apati avril 2021, yo te bay plis pase 8 milyon vaksen COVID-19 J&J nan Etazini.

Pou fanm laj18 a 48 lane, vin gen boul san pou anviwon **7 sou1 milyon fanm.** Pou fanm 49 lane ak pi gran, epi gason tout laj, sa menm pi ra toujou.

Sa vle di ke **chans pou *nenpòt mounki* genyen yon boul san apre vaksen an *ra anpil*.**

## Genyen plis chans pou yon moun malad grav oswa mouri nan COVID-19 olye pou li genyen yon boul san

Plizyè milyon moun te **pran vaksen** J&J an, sa ki gen ladann moun ras etnisite ak laj diferan.

1 J&J se sèlman **yon piki,** donk li pratik, san danje ak efikas.

Genyen lòt opsyon vaksen ki disponib. Yo p at rapòte efè segondè boul san pou ankenn vaksen de piki.

Si ou toujou gen kesyon, palè avèk yon doktè si gen yon lòt vaksen ki ka pi bon pou ou.

NRC-RIM
National Resource Center for Refugees, Immigrants, and Migrants

**Pou plis enfòmasyon: cdc.gov/coronavirus**

## SENTÒM POU SIVEYE

3 SEMÈN

Menm lè chans lan piti pou w genyen yon boul san, pandan **3 semèn apre w fin pran vaksen J&J an, al kote yon doktè imedyatman si w genyen nenpòt nan sentòm sa yo:**

- Tèt fèmal grav oswa souvan
- Vizyon twoub
- Souf kou
- Doulè nan lestomak
- Pye anfle
- Doulè nan vant souvan
- Grafonyen souvan oswa ti mak san anba po kote ki pa nan plas kote w te pran piki a

## VAKSEN J&J A SAN DANJE

Ofisye sante Etazini yo ap siveye pwoblèm sante ki genyen nan vaksen ak anpil atansyon. Yo pran nenpòt enkyetid trè oserye.

Ofisye sante yo kanpe vaksen J&J an pou jwenn plis sou kesyon boul san yo.

Kanpe vaksen an pou yon efè segondè ki ra konsa montre ke ofisye sante yo ap siveye vaksen an ak anpil atansyon.

### Ofisye yo te detèmine kounye a

Ke risk pou yon boul san akoz vaksen J&J an **ra anpil**

Boul san yo **ka trete**

**avantaj** vaksen an depase lontan nenpòt risk ki genyen ladann.

*Pwoteje tèt ou. Pwoteje kominote w.* ***Pran vaksen an.***

NRC-RIM
National Resource Center for Refugees, Immigrants, and Migrants

**Pou plis enfòmasyon: cdc.gov/coronavirus**